

Palm Beach County Food Bank – Benefits Outreach Program

List dokiman w-ap bezwen

Tanpri mache ak tout dokiman ki nan list la si ou genyen yo. Se pa tout dokiman ki nan list ke w-ap bezwen men w-ap bezwen mache ak dokiman ou genyen you pou antrevi.

- **Nimewo dosie DCF** ak **nimewo ACCESS** (non itilizatè ak modpas) si ou genyen yo
- **Prèw idantifikasyon:** lisans pou kondui, kat identite oubyen lot dokiman ki gen photo sou li (si w-ap aplike pou Medicaid dokiman dwe soti nan you ajans leta)
- **Prèw imigrasyon:** paspò, kat residans, kat I-94
- **Prèw revni:** kat kopi chèk ou fèk touche (si ou touche chak semèn) oubyen 2 kopi chèk (si ou touche chak 2 semèn)
- Tout dokiman dwe gen enfomasyon revni ou touche an gwo avan tax
- **Si ou pedi revni nan 2 mwa ki fèk pase yo:**
- Konpani an dwe ekri yon lèt pou ou kom prèw ke ou pa nan travay la anko. Si ou vle, ou ka pwente **Loss of Income Form (CF-ES 2620)** sou website depatman timoun ak fanmi: www.myflorida.com/accessflorida. Ale nan information/forms/DCF forms depository. Tape **CF-ES 2620** kote yo ba ou pou **ekri nimewo dokiman ou bezwen an**. Pran dokiman bay konpani an pou ranpli pou ou epi vin avèk dokiman nan antrevi ya. Sa ap pèmèt antrevi-a fèt pi vit.
- **Pou zafè dèt:** Nap bezwen verify eke ou gen yon plan pou peye chak mwa
- Nap bezwen enfomasyon tax pou lane ki fèk sot pase si ou gen biznis
- **Enfomasyon sou depans:** kay, tax, reparasyon kay, lwaye, kouran, dlo, telefon, gaz (pou kay).
- Si ou gen you moun ki ede ou peye bil se pou ou fè moun nan ekri yon lèt ki di sa. Moun nan dwe mete kontak li nan lèt la.
- N-ap bezwen enfomasyon pou depans gadri si ou gen yon kote ke ou peye gade timoun pou ou
- N-ap bezwen nimewo sosyal ak dat nesans tout moun k-ap aplike
- Vini ak bilan sosyal sekirite voye pou ou si ou genyen-l
- Vini ak prèw pansyon, benefis lame, oubyen inion si ou genyen yo
- N-ap bezwen enfomasyon pou sipo timoun ke ou peye si nesèsè
- Enfomasyon sou revni ke ou resevwa pendan ou pat nan travay
- Enfomasyon bank (non bank lan ak balans)
- Enfomasyon asirans sante
- Enfomasyon machin ou genyen (ane, mak, modèl)
- Depans medikè: vini ak kopi kat medikè-a si ou genyen-l
- **Depans medikal chak mwa:** (pou moun ki gen 60 lane e plis)
- N-ap bezwen bil ke ou resevwa oubyen peye pouk at denye mwa ki sot pase yo. Si ou pa genyen prèw sa-a yo pap konsidere-l kom depans

